

Top It!

**YOUNG
MATHEMATICIANS**

Jwè 2-4

Laj 5+


5-10 min

OBJEKTIF


Kolekte tout kat yo lè w vire kat ki gen pi gwo nimewo pase lòt jwè yo.

KAT POU ITILIZE


Kòmanse avèk:



Kat ki gen nimewo
0-5




De
0-5




10 kare
0-5


Pou jwèt apre yo: chwazi plis kat, yon seri alafwa:



Pwen nan yon lòd
espesifik
0-5




Pwen ki gaye
0-5




Sèk
0-5


Defi ki pi difisil



Chwazi plis kat
6-10


KÒMAN POU JWE

1. Chwazi epi melanje kat yo.

2. Distribiye kat yo fas anba an pil egal bay chak jwè. Poko gade kat ou yo!




3. Apresa, di, “Nou chak pral vire top kat la nan pil nou an. Nenpòt moun ki gen nimewo ki pi wo sou kat li a genyen pati sa a epi li gen pou kenbe tout kat yo. Nou pare?”

Chak jwè vire top kat la epi mete l nan mitan an pou tout moun wè.



4. Mande, “Ki kat ki gen nimewo ki pi gwo a? Ki moun ki gen pou kenbe tout kat yo? Ki jan nou fè di sa?”



5. Si de jwè vire menm nimewo ki pi wo a, jwè sa yo pral vire pwochen top kat yo a. Moun ki gen nimewo ki pi wo a genyen tout kat yo nan tou de pati yo.

6. Jwèt la fini lè yon moun genyen tout kat yo.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Konpare kat ki gen diferan aranjman pwen sou yo sipòte konpreyansyon timoun yo sou kantite. Nan lòt mo, 5 pwen ka ranje nan plizyè fason diferan, men li se toujou 5 pwen.
- Timoun yo ap aprann idantifye kiyès nan de oswa plizyè nimewo ki pi gwo.

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

Nimewo: Operasyon

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Top It*.



www.ym.edc.org

© EDC 2024

